**Pi bon.  Pi Fasil.  Pi Sekirite.**

**Kisa SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet)?**

- SènEnfòmasyonSante se yon sistem sekirite òdinantè ki dokte, lopital, e lòt estaf medikal sevi avek pou ba ou swen ki pi bon e pi an sekirite.
- Sistem-nan mete enfòmasyon sante ou ansanm nan yon sèl dosye medikal elektwonik.
- Estaf medikal deja pataje dosye medikal ou nan faks, lapos elektwonik, e lapos. SènEnfòmasyonSante fe sa pi fasil, pi vit, e pi an sekirite.

**Kisa ladan dosye SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet) mwen?**

- Dosye SènEnfòmasyonSante ou kenbe enfòmasyon sante ou tankou remed, aleji, rezilta analiz, e rapo medikal.
- Li gen non ou, dat de nesans, adres, seks, e nimewo telefon.  Li ta ka genyen nimewo sosyal ou, ki pa pataje.
- Enfòmasyon SIDA/VIH e sante emosyonèl sèlman pataje si ou yo met pataje li oubyen si ou gen yon ijans medikal.

**Ki benefis genyen avek yon dosye SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet)?**

- SènEnfòmasyonSante ede estaf medikal ou travay ansanm pou fe desizyon ak plis enfòmasyon de swen ou, espesyalman nan yon ijans. SènEnfòmasyonSante app ran tout aksyon pou kenbe dosye ou prive e an sekirite.
- Enfòmasyon mete ansoud e voye nan yon
- konneksyon sekirite nan sistem òdinatè.
- Lòt benefis se mwens erè, mwens analyz repete, mwens papye, mwens che, e pi bon swen.
- Pou konnen plis, ale nan www.hinfonet.org oubyen rele 866-592-4352

**Eske dosye mwen prive e an sekirite?**

- Nou pap vann oubyen mete nan lis lapos enfòmasyon ki idantifye ou.
- Sèlman sayo ki ladan swen medikal ou ka gade dosye ou.

**Si mwen pa vle yon dosye avek SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet)?**

- Si ou pa vle yon dosye SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet) ou ka chwazi pa patisipe e deside pou pa pataje enfòmasyon sante ou, ranpli yon fòmilè pa patisipe nan www.hinfonetorg/optout oubyen rele 866-592-4352

125 Presumpscot Street, Box 8, Portland, ME 04103 • 866-592-4352 • 207-541-9250 • www.hinfonet.org